

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca pamahaman siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung téh alus, peunteunna aya dina rata-rata 74,17. Tina 30 siswa kelas XII KA SMK Negeri 5 Bandung anu ditalungtik, nuduhkeun yén aya 13 siswa anu peunteun maca pamahamanna alus pisan, 9 siswa peunteun maca pamahamanna alus, 7 siswa peunteun maca pamahamanna cukup, jeung 1 siswa peunteun maca pamahamanna handap, sedengkeun anu peunteun maca pamahamanna handap pisan teu aya.
- 2) Kamampuh nulis éséy siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung téh alus, rata-rata peunteunna nya éta 70,45. Tina 30 siswa kelas XII KA SMK Negeri 5 Bandung anu geus ditalungtik, nétélakeun yén aya 6 siswa anu peunteun nulis éséyna alus pisan, 19 siswa peunteun nulis éséyna alus, sésana 5 siswa peunteun nulis éséyna cukup, sedengkeun anu nulis éséyna handap jeung handap pisan teu aya.
- 3) Tina hasil nguji korelasi, katitén yén hasilna aya korélasi anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman jeung nulis éséy siswa. Éta hal katitén tina harga  $r$  itung anu hargana 0,99 leuwih gedé tibatan  $t$  tabél anu hargana 0,463. Saupama ditilik tina interprétasi nilai ' $r$ ', indéks korélasi 0,99 aya dina katégori korélasi luhur.

Uji déterminasi dilakukeun pikeun mikaweruh gedéna kontribusi (sumbangan) variabel bébas kana variabel kauger dina panalungtikan. Tina hasil ngitung koéfisién determinasi dumasar kana rumus Sudjana, kanyahoan yén koéfisién déterminasi kamampuh maca pamahaman kana kamampuh nulis éséy téh gedéna 98,01%. Ieu hal miboga harti yén 98,01% kamampuh nulis éséy kapangaruhan ku kamampuh maca pamahaman, sedengkeun 1,99%

deui kapangaruhan ku faktor séjén salian ti faktor kamampuh maca pamahaman kana kamampuh nulis éséy. Dumasar kana hasil itungan uji hipotésis, katitén yén  $t$  itung na nya éta 37,127. Ari dina dk:  $n-2$ , dina taraf signifikansi 5% nuduhkeun angka 1,70. Ieu hal nuduhkeun yén  $t$  itung leuwih gédé tibatan  $t$  tabel. Ku sabab kitu hartina  $H_1$  ditarima nya éta “Aya korélasi anu positif tur signifikan antara kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung”.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha saran pikeun ngoptimalkeun kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis siswa.

### 1) Saran pikeun guru:

Dumasar kana hasil panalungtikan, yén aya korélasi anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis éséy siswa, dipiharep guru bisa ngaronjatkeun rasa jeung minat siswa kana maca sangkan ngarojong kana kamampuh nulis. Kitu ogé dina pangajaran, pangajaran maca jeung pangajaran nulis bisa dipatalikeun. Salian ti éta guru dipiharep bisa ngayakeun hiji kagiatan anu ngarojong kana kamampuh maca pamahaman jeung nulis dina basa Sunda. Kitu ogé fasilitas pikeun maca kudu leuwih ditingkatkeun.

### 2) Saran pikeun siswa:

Siswa salawasna kudu boga rasa resep kana maca. Boh maca dina basa Sunda boh maca dina basa séjén. Lantaran ku lobana maca, bakal meunang sagala informasi jeung gaya penulisan pikeun dilarapkeun dina kagiatan nulis.

### 3) Saran pikeun panalungtik:

Perlu pisan ayana panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan kamampuh maca jeung kamampuh nulis. Nepi kabisa méré hal-hal anu anyar tur positif pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis siswa.

Mudah-mudahan ku ayana saran-saran nu diasongkeun di luhur, aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca jeung kamampuh nulis siswa.